



**ALE PI LWEN PASE YON MANM FWAYE A:
KONSÈY POU EKIP SWEN ORYANTE FANMI YO POU KALIFIKASYON POU
RESOUS AK AVANTAJ YO**

Lwa imigrasyon teknik, konplike epi chanje souvan. Li genyen gwo enpòtans pou fanmi yo tou. Tout sa yo gendwa lakoz ke anpil moun pa fè enfòmasyon sou imigrasyon ak pwogram/sistèm ki asosye ak kondisyon sa a – epi sa vle di ke anpil fanmi gendwa fonksyone ak sipò finansye yo gendwa kalifye pou resevwa.

Konprann kalifikasyon pou avantaj piblik ka espesyalman konplike pou **fanmi ki gen kondisyon melanje**. Poutan lè y ap pale ak fanmi sa yo, manm ekip swen yo ka ede fè pwomosyon pou opòtinite pou maksimizasyon avantaj!

KISA KI YON FANMI KONDISYON MELANJE?

Yon fanmi kondisyon melanje genyen ladann moun ki gen kondisyon diferan ak imigrasyon. Se pa tout fanmi kondisyon melanje ki menm jan! Yon fanmi kondisyon melanje gendwa gen yon timoun ki se sitwayen Ameriken ak yon paran ki genyen kondisyon rezidans pèmanan legal (LPR oswa kat vèt). Yon lòt gendwa genyen ladann yon paran ki se sitwayen Ameriken ak yon ko-paran ki gen yon viza, ki se yon pèmasyon tanporè pou li nan peyi a. Gen egzanp tou yon fwaye ki genyen yon moun k ap bay swen ki pa gen dokiman ak plizyè timoun ki se sitwayen Ameriken.

Mèsi dèske w reponn kesyon depistaj sa yo. Ou make ke pafwa w pa genyen ase manje nitritif pou jèn bebe w la. Èske w te panse aplike nan WIC?



Mwen panse ak sa epi mwen konnen mwen ka aplike pou WIC men m ap esponsòrizè konjwen mwen pou yon kat vèt. Mwen te tande ke yo ka rejte aplikasyon sa a si mwen oswa bebe m nan ap sèvi ak nenpòt avantaj piblik.



TMOUN M AP EDE DIRÈKTEMAN AN PA KALIFYE POU SIPÒ FINANSYE. POUKISA KONDISYON LÒT MANM FANMI YO ENPÒTAN?

Pafwa menm lè yon moun pa kalifye pou yon resous, lòt manm nan fanmi an gendwa kalifye! Aprann konnen tout fanmi an ka ede idantifye nouvo posiblite pou rezoud pwoblèm! Oumenm, manm ekip swen an, gendwa se premye moun – oswa premye moun konfyans – k ap esplike posiblite sa a ak moun k ap bay swen w ap travay avèk li a. Sa ki vle di w genyen yon opòtinite pisan pou klarifye sa ki verite ak sa ki pa verite.

Mèsè dèske w pataje enkyetid sa a. Aktyèlman w gendwa aplike pou WIC san sa pa genyen enpak sou aplikasyon konjwen w lan. Li ta sanble w genyen enkyetid pou règleman "chaj piblik" la. Pa gen lontan ke li te chanje. Èske w ta renmen konnen plis sou sa règleman sa a di jodi a?



Mwen p at konnen règleman an te chanje! Sa kreye anpil konfizyon. Mwen ta renmen gen plis enfòmasyon.





KONSÈY POU REZOUZ PWOBLÈM POU MANM EKIP SWEN

DEPLWAYE PRATIK DEPISTAJ KI REKONÈT RISK MOUN YO

- ⇒ Esplike ke yo poze tout moun menm kesyon yo pou ede evalye kalifikasyon.
- ⇒ Bay esplikasyon sou rezon ki fè w gendwa bezwen enfòmasyon sou kondisyon yo.
- ⇒ Pataje fason w gendwa sèvi ak enfòmasyon sa a, si w ap gen pou sèvi ak li.
- ⇒ Kite yon pòt ouvè si yon moun refize; moun yo ap pataje lè yo pare.

KORIJE MOVE ENFÒMASYON

- ⇒ Ekip swen yo ka pataje enfòmasyon legal ak dwa edikasyon, ideyalman nan lang prefere fanmi an.

REFERE AK EKSPÈ LEGAL POU EVALYASYON PÈSONALIZE JAN SA NESESE

- ⇒ Ekip swen yo ka pataje enfòmasyon kontak pou resous lwa imigrasyon yo ka fè konfyans yon fason fanmi kondisyon melanje ka chache evalyasyon espesifik si yo swete sa. Sonje— sitiyasyon fanmi yo inik epi rezolisyon pwoblèm imigrasyon gendwa konekte anpil ak enfòmasyon espesifik fanmi an.

RESOUS JENERAL IMIGRASYON NAN ZÒN THE GREATER BOSTON

- [Protecting Immigrant Families Coalition](#) Depliyon Chaj Piblik
- [Massachusetts Immigrant & Refugee Advocacy \(MIRA\) Coalition](#)
- [Rian Immigrant Center](#)
- [Centro Presente](#)
- [Biwo Meri pou Avansman Imigran](#)
- [Pwojè Asylum/Immigration Representation \(PAIR\) Project](#)